



Pou Piblikasyon Imedya: 29/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ENVITE NOUYÒKÈ YO PATISIPE NAN JOUNEN JESYON PAK ADIRONDACK AK CATSKILL

Volontè yo pral selebre epi amelyore Pak Adirondack ak Catskill nan dat 7 septanm

Aktivite yo ankouraje kanpay Eta a Dekonekte sou Entènèt, Ale Deyò' ak 'Renmen Tè New York Nou yo'

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te ankouraje Nouyòkè yo pou yo remèt tè Eta yo epi pou yo pran plezi deyò lè yo patisipe nan evènman jesyon yo pandan premye Jounen Pak Adirondack ak Catskill samdi 7 septanm nan. Pwojè sèvis ki konsantre sou konsèvasyon ak amelyorasyon pral ede prezève ak pwoteje tè piblik New York yo atravè Pak Adirondack ak Catskill.

"Pandan kantite rekò vizitè yo ap eksplòre bote san parèy 2.6 milyon ekta tè nan Rezèv Forè Adirondack ak Catskill, bezwen pou jesyon ak konsèvasyon se yon responsablite nou tout pataje pou ede pwoteje espas deyò New York yo pou ane k ap vini yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen envite tout Nouyòkè yo pou sipòte eritaj anviwònman ak kiltirèl eta nou an nan remèt epi patisipe nan nouvo inisyativ jesyon sa a."

Enskripsyon yo ouvri kounye a pou premye [Jounen Pak Adirondack ak Catskill](#). Patisipan yo ka ede netwaye teren kan yo apre yon sezon kan ki mouvman anpil, plante espès plant natif natal yo, epi retire plant anvayisan yo pou prezève zòn dezè yo, ranmase fatra ak debri nan destinasyon popilè yo, oswa ede fè antretyen santye randone yo pou ankouraje lwazi deyò ki an sekirite ak dirab. Vizite www.ptny.org/lovenylands pou enskri pou evènman pou w montre apresyasyon w pou Rezèv Forè New York la.

Komisè pa enterim Depatman Prezèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) la, Sean Mahar, te deklare, "Pandan sezon ete a ap fini epi n ap antre nan sezon otòn randone ak lwazi deyò, li se moman pafè pou vizitè yo patisipe nan efò volontè pou pwoteje resous natirèl New York yo ak espas deyò ki pi presye nou yo. Evènman pou jesyon Jounen Pak Adirondack ak Catskill jou 7

septanm yo ofri bonjan opòtinite pou gwoup ak moun pou tounen bay lanati ak Eta New York epi sipòte Pak Adirondack ak Catskill nou yo."

Komisè Enterimè Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik nan Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Teren piblik New York yo bay fanmi yo estrikti pou konekte ak lanati, eksplòre deyò epi kreye souvni espesyal. Pou asire ke jenerasyon k ap vini yo kapab jwi bèl kote sa yo, nou fyè pou nou fè patenarya ak DEC ak PTNY pou ede elaji opòtinite pou tounen bay grasa kanpay Renmen Tè New York Nou yo epi ankouraje yon jesyon responsab pandan tout ane a nan tè eta nou yo atravè New York."

Direktè Ekzekitif Parks & Trails New York la, Paul Steely White, te deklare, "Anplis ke yo ban nou sante ak kontantman, prezèvasyon forè piblik nou yo sipòte ekonomi lokal, rejyonal ak eta nou yo. Rejwenn nou pandan n ap reyini ansanm, woule manch chemiz nou yo, epi fè tè piblik ki gen anpil valè nou yo vin pi gen plis valè toujou."

Jounen Pak Adirondack ak Catskill se yon pati nan kanpay pou jesyon Renmen Tè New York Nou yo – yon seri evènman tematik pou jesyon piblik ki ankouraje kolaborasyon pandan tout ane a epi mete aksan sou resous lwazi anplennè Eta a ak nesese pou pwoteje resous sa yo. Seri a te kòmanse an avril avèk Canal Clean Sweep, ki te gen Jounen Mwen Renmen Pak Mwen an (I Love My Park Day) ki te fèt apres a an me. Jounen Pak Adirondack ak Catskill se pwochen evènman nan seri sa a, epi Jounen Pwason ak Bèt Sovaj (Fish and Wildlife Day) pral fèt annapre nan samdi 28 septanm. Jou sa yo ofri ak òganize an patenarya ak Pak ak Santye New York (Parks & Trails New York, PTNY), DEC (Depatman Konsèvasyon Anviwònman), Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik (Office of Parks, Recreation, and Historic Preservation, OPRHP) Eta New York ak New York State Canal Corporation (Sosyete Kanal Eta New York).

Pou ankouraje jesyon pandan tout ane a, objektif [Renmen Tè New York Nou Yo](#) se ede pwoteje resous natirèl eta yo nan bay vizitè yo konesans ki nesese pou diminye enpak yo, angaje itilizatè yo pou yo pratike lwazi dirab ki an sekirite, epi ede tout vizitè yo santi yo byenvini pandan y ap vizite tè eta yo.

Evènman sa a konplete kanpay "[Dekonekte sou Entènèt, Ale Deyò](#)" Gouvènè Hochul la pou ankouraje timoun ak fanmi New York yo depoze telefòn yo ak òdinatè yo, pran yon ti poz sou rezo sosyal yo, pwofite lwazi ak rasanbleman sosyal anplennè yo, epi mete sante mantal ak fizik yo an premye. Kanpay la bati sou efò Gouvènè a pou ankouraje yon vi ki an sante pami jèn yo ak fanmi yo, tankou [siyen premye lejislasyon nan nasyon an](#) pou pwoteje timoun yo kont depandans rezo sosyal yo epi pwoteje done pèsonèl yo kont platfòm sou entènèt yo.

Konsènan Parks & Trails New York

Pak ak Santye New York se defansè lidè nan tout Eta New York pou pak ak santye yo, ki dedye depi 1985 pou amelyore sante, ekonomi, ak kalite lavi atravè itilizasyon ak apresyasyon espas vè pou tout moun. Avèk plizyè milye manm ak sipòtè atravè eta a, PTNY se yon vwa prnsipal nan pwoteksyon sistèm bèl pak eta New York la ak

kreyasyon ak pwomosyon plis pase 2,412 km wout vèt, chemen pou bisiklèt, pwomnad bò rivyè ak santye. [Isit la ou ka jwenn](#) plis enfòmasyon.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)